



Pati 2: Leson 7


Fè bon tè a travay:

## Gran Kòmmanman yo: Renmen Moun

Tè ki donnen anpil : Kòmmanse yon lavi tounèf ak Jezi

Nan dènye lesan an, nou dekouvri koman Bondye renmen nou ak yon gwo lanmou, epi kòman Li envite nou viv yon **relsasyon avèk Li ki chita sou lanmou**. Lè w ap grandi nan lavi esprityèl ou sa vle di **ou grandi nan lanmou ou genyen pou Bondye**. Menm jan Jezi te di sa, pi gwo kòmmanman an se: *Renmen Senyè a, Bondye ou a ak tout kè w, ak tout nanm ou, ak tout panse w, epi ak tout fòs ou (Mak 12:30, VKF)*.

Genyen yon dezyèm pati nan gran kòmmanman an: **renmen moun**. Jezi te di: *Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou (Mark 12: 31, HCV)*. Sa se dimansyon orizontal la nan lavi esprityèl ou, grandi deyò. Sa vle di, grandi nan lafwa se lè **nou grandi nan lanmou nou genyen pou lòt yo**. Menm jan Bondye renmen w lan, Li renmen tout moun sou latè, epi li vle nou renmen lòt yo menm jan an. Lè ou renmen moun, se fason ou montre lanmou Bondye; Lè sa a, lanmou vin tounen pi gwo rezon ki kenbe lafwa kretyen an: nan sa ou fè ak sa ou di. Jezi te di tou, fason nou renmen ap fè yo rekonèt nou kòm disip Li (Jan 13:34-35).



## PLAN POU OU GRANDI



Nan lesan sa a, n ap chita sou dezyèm pati kòmmanman ki pi enpòtan pou nou menen lavi nou kòm kretyen. Ou pral aprann:

- 1) Renmen moun kòmmanse lè ou konnen kòmman Bondye renmen tout moun
- 2) Renmen moun se yon devwa ki mande yon sèl bagay: obeyi
- 3) Jezi se egzanp nou nan zafè renmen moun
- 4) Kòmman pou nou renmen moun difisil yo



Avan w ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye pou ede w konprann pawòl Li, pou ede w viv chak jou prezans Li, epi pou ou tounen moun Li vle ou ye a.

## YON ISTWA SOU RENMEN MOUN: Bon samariten an (Lik 10:25-37)



Renmen moun parèt yon bagay senp: ou janti, ou pa fè moun okenn mechanste, ou fè bon bagay detanzantan. Men lanmou se gwo travay tou. Lè Bondye mande pou nou renmen lòt yo menm jan nou renmen tèt nou, pawòl sa gen anpil koze deyèl. Nan istwa sa a, Jezi esplike sa sa vle di tout bon vre pou w renmen moun jan ou dwe fè sa.

*\* Enfòmasyon nou dwe konnen : Samariten yo se te yon ras pèp Jwif yo te rayi depi lontan, jenerasyon apre jenerasyon, epi yo pat vle genyen okenn kontak ak pèp sa. Se te yon ras pèp melanje, yo te gade yo tankou moun ki pa pwòp e ki pa sen.*

*Epi, twouve yon avoka leve. Pou li ka teste Jezi, li di: Mèt, kisa pou mwen fè pou mwen ka eritye lavi etènèl?*

*Men Jezi di li: Kisa ki ekri nan lalwa? Kijan, ou menm, ou li l?*

*Li reponn, li di: "Ou va renmen Bondye, Senyè w la, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou, epi ak tout lide ou." Epi tou: "Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou."*

*Jezi di li: Repons ou a kòrèk. Fè konsa, epi w a viv.*

*Men, li menm, li te vle parèt jis, li di Jezi: E kilès ki pwochen mwen?*

*Jezi reponn, li di: Vwala se te yon nonm ki te sot Jerizalèm, epi ki t ap desann al Jeriko. Epi, li tonbe nan mitan zenglendo. Yo dechèpiye li, yo we li anba kou, epi yo pati kite l demi mò. Pa chans konsa, yon sakrifikatè t ap desann sou menm wout sa a. Lè li wè nonm nan, li pase lòt bò. Yon Levit, ki rive kote a, fè menm jan an tou: lè li wè nonm nan, li pase lòt bò. Men, yon Samariten, ki t ap vwayaje, rive kote nonm nan. E, lè li wè li, kè l fè l mal. Li pwoche. Li vide luil ak diven sou blese l yo, li panse yo. Epi, li fè l monte sou pwòp bèt li a, li mennen li nan yon otèl, epi li pran swen li. Nan demen, lè l aprale, li rale de denye bay administratè otèl la, epi li di li: Pran swen misye. Tout sa w ta depanse anlès, lè m tounen, m a remèt ou li.*

*Donk, pami twa moun sa yo, dapre ou menm, kilès ki te pwochen nonm ki te tonbe nan mitan zenglendo yo.*

*Avoka a di: Se sa ki te gen pitye pou li a! Donk,*

*Jezi di li: Ale! Ou menm tou, fè menm jan an!*

***Kòman fè istwa sa se yon egzanp sou lanmou pou frè parèy nou?***

***Kilès moun nan kominote pa w la yo te ka rele bon samariten?***

***Enben, kilès ki frè parèy ou a ?***

***Kilès moun ki te sèvi bon samariten pou ou? Kisa li te fè?***

***Kòman w ap kapab tounen yon bon samariten pou yon lòt moun nan semèn sa a menm?***




## FOUYE PI FON - GRAN KÒMANNMAN AN: RENMEN LÒT YO



Lanmou Bondye gran anpil. Li renmen w anpil anpil, e lanmou L pa gen bout. Li renmen tout moun sou latè: chak gason, chak fi, chak timoun. Li pa retire pèsonn. Li renmen tout ras: nwa, blan, milat. Bondye vle ou antre nan misyon L lan, pou w renmen tout moun sou latè tou. Nan seksyon sa a, ou pral aprann kèk fason pou w kòmanse renmen lòt yo:

### KÒMAN YO RENMEN MOUN

#### I. RENMEN MOUN KÒMANSE LÈ OU KONNEN KÒMAN BONDYE RENMEN TOUT MOUN



*Bondye te tèlman renmen lemond, li bay sèl Pitit gason l lan, (Jan 3:16)*

*Byenneme, se pou nou youn renmen lòt. Paske, lamou soti nan Bondye. E tout moun ki genyen lamou, se nan Bondye yo pran nesans. Yo konnen Bondye. Moun ki pa genyen lamou pa konnen Bondye. Paske, Bondye se lamou. Men kijan Bondye te montre nou lamou li: Bondye te voye sèl Pitit li a nan lemond pou nou ka viv nan li. Se konsa lamou an ye, sèke se pa nou menm ki te renmen Bondye. Men, se li menm ki te renmen nou. E li te voye Pitit li a kòm yon sakrifis-satisfaksyon pou peche nou yo. Byenneme, si Bondye renmen nou konsa, nou menm tou, nou youn dwe renmen lòt. Pèsonn pa janm wè Bondye. Si nou youn renmen lòt, Bondye rete nan nou, epi lamou li vin total nan nou. Nou menm, nou renmen l, paske li te renmen nou an premye. Si yon moun di "Mwen renmen Bondye!" epi li rayi frè li, se mantè li ye. Paske, si frè l li ka wè a li pa renmen l, kòman li kapab fè renmen Bondye li pa wè a? n kòmannman nou resevwa nan men li: Yon moun ki renmen Bondye, li dwe renmen frè l tou! (1 Jan 4:7-12, 19-21).*

***Ki gwosè lanmou Bondye?***

***Kòman Bondye montre lanmou L?***

***Kòman lanmou Bondye rive chanje relasyon w ak lòt moun?***

***Ki pwomès Bondye fè nou lè nou renmen lòt yo?***

***Si ou pa renmen moun, kisa sa ap lakoz?***

Sa ou fenk sot li la a se de pi gwo pasaj Labib ki pale sou Bondye ak sou lavi kretyen an. Pa gen moman ou pi pre Bondye konsa, se lè ou renmen lòt moun. Avan w ale pi lwen, pran yon ti tan epi gade kisa relasyon w ak lòt moun montre konsènan relasyon w ak Bondye, epi ki konsekans sa genyen lè ou renmen moun ak lè ou pa renmen moun.

## 2. RENMEN MOUN SE YON DEVWA KI MANDE YON SÈL BAGAY: OBEYI

*M ap ban nou yon nouvo kòmanman: Se pou nou youn renmen lòt. Menm jan mwen te renmen nou an, nou menm tou, se pou nou youn renmen lòt. Si nou gen lamou youn pou lòt, se konsa tout moun va konnen se disip mwen nou ye (Jan 13:34-35).*

***Kisa nouvo kòmanman Jezi a ye pou disip li yo? Ki egzanp nou genyen sou kijan pou n renmen lòt yo?***

***Lè ou renmen moun, kisa sa di sou lafwa w?***

*Men kòmanman m nan: Se pou nou youn renmen lòt, menm jan mwen renmen nou an.  
Joh 15:13 Pèsonn pa genyen pi gran lamou pase lè youn moun bay lavi li pou zanmi li.  
Joh 15:14 Nou menm, si nou fè sa mwen kòmande nou yo, nou se zanmi mwen... Mwen kòmande nou bagay sa yo, dekwa pou nou youn ka renmen lòt (Jan 15:12-14, 17).*

***Kòman vèsè sa yo ede w konprann kisa Jezi vle lè Li mande nou renmen lòt yo?***

***Kisa Jezi di sou relasyon noumenm avèk Li lè nou obeyi kòmanman L? Kisa sa vle di pou ou ?***

## 3. JEZI SE EGZANP OU NAN ZAFÈ RENMEN MOUN

Se Jan, disip Jezi a ki te ekri vèsè sa yo. Yo te konn rele l "disip Jezi te renmen an". Yo pral ede nou konprann pi plis poukisa epi kòman nou dwe renmen lòt yo.



*Se konsa pitit Bondye ak pitit djab la parèt aklè. Tout moun ki pa fè sa ki jis, moun ki pa renmen frè yo, se pa nan Bondye yo soti. Men mesaj nou te tande depi o kòmansman an: Se pou nou youn renmen lòt... Nou menm, nou soti nan lanmò vini nan lavi. Nou konnen sa paske nou renmen frè nou yo. Yon moun ki pa renmen frè li, li rete nan lanmò toujou... Se konsa nou konnen lamou, sèke li menm, li te bay lavi li pou nou. Nou menm tou, nou dwe bay lavi nou pou frè yo. Men, si youn moun genyen byen nan lemond, li wè frè li nan bezwen, epi li fèmen kè li sou frè a, kòman lamou Bondye rete nan moun sa a la a? Timoun mwen yo, se pa nan pawòl ak nan bouch pou nou renmen. Okontrè, se nan aksyon ak laverite (1 Jan 3:10-11, 14, 16-18).*

***Kòman ou ka konnen kisa lanmou ye?***

***Ki egzanp yo ba ou pou montre w kòman ou dwe renmen lòt yo?***

#### 4. KÒMAN OU KA RIVE RENMEN MOUN KI DIFISIL

Fòk nou onèt, renmen moun se petèt bagay ki pi difisil lavi Levanjil la mande. Li pa fasil paske se pa tout moun ki bay ankourajman pou renmen. Sa rive nou tout, moun konn blese nou, fè nou lapenn, fè nou mal. Pafwa se moun nou fè konfyans plis ki konn blese nou, fè nou lapenn pi mal.



Men renmen moun, se pa yon konsèy; se yon lòd, yon kòmanman ou dwe aprann viv chak jou. Renmen an se pa pawòl sèlman. Se pa sèlman emosyon; se aksyon. Renmen se yon chwa epi yon desizyon ou pran ak tout volonte w. Ou chwazi ki moun ou deside renmen epi kòman w ap renmen yo. Renmen tout moun pa fasil.

Pasaj Labib sa yo pral anseye w konsènan sa Bondye vle pou nou renmen, yon fason ki depase lontan sa anpil moun kwè oswa fè. Lè w ap li pasaj sa yo, pran tan epi gade byen si ou jwenn kèk moun ou konnen epi kòman ou kapab montre yo kisa lanmou Bondye a ye.

##### Renmen moun vle di :

- **Renmen moun jan ou ta swete yo renmen w**

*Kilès moun pami nou la a, si pitit li ta mande l pen, pou se yon wòch li ta lonje ba li? E, si pitit li ta mande l pwason, pou se yon sèpan li ta lonje ba li? Donk, si nou menm, atout nou mechan an, nou konnen pou nou bay timoun nou yo bon bagay, ebyen, se plis toujou pou Papa nou ki nan syèl la: Moun ki mande li, l ap ba yo bon bagay. Donk, tout bagay nou ta vle lèzòm fè pou nou, nou menm, se pou nou fè menm bagay la pou yo tou. Paske, se sa ki lalwa ak pwofesi yo (Matye 7 :9-12).*

- **Renmen lènmi w**

*Nu tande yo te di: "Renmen pwochen w!" epi: "Rayi lènmi w!" Men, mwen menm, mwen di nou: Renmen lènmi nou. Beni moun ki modi nou. Fè byen pou moun ki rayi nou. Epi, priye pou moun ki maltrete nou, pou moun ki pèsekite nou. Konsa, nou va pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske, li menm, li fè solèy li leve ni sou moun mechan, ni sou bon moun. E, li voye lapli ni sou moun jis, ni sou moun ki pa jis. Vrèmanvre, si se moun ki renmen w ou renmen, ki rekonpans w ap genyen? Pèseptè yo fè menm bagay la tou, pa vre? E, si se zanmi w sèl ou salye, kisa ou fè ki estwòdinè la a? Pèseptè yo fè menm jan an tou, pa vre? Donk, se pou nou total, menm jan Papa nou ki nan syèl la total (Matye 5:43-48).*

- **Padone moun**

*Vrèmanvre, si nou padone moun pou fot yo, ebyen, Papa nou ki nan syèl la ap padone nou pou fot nou yo tou. Men, si nou pa padone moun pou fot yo, Papa nou p ap padone nou pou fot nou yo nonplis (Matye 6:14-15).*

*Donk, aji tankou moun bondye chwazi, moun ki sen, moun ki se byenneme li; sa vle di, abiye nou avèk afeksyon ak kè-sansib, avèk bonte, avèk imilite, avèk dousè, epi avèk pasyans. se pou nou youn sipòte lòt. si youn ta gen yon repwòch kont youn lòt, se pou l*

*padone l. menm jan kris te padone nou an, se konsa pou nou fè tou. anplis tout bagay sa yo, abiye nou ak lamou. li se ne ki fè nou total (Kolosyen 3:12-14).*

- **Pa jije moun**

*Pa jije, dekwa pou yo ka pa jije nou. Paske, jan nou jije a, se konsa yo va jije nou tou. E, nan mezi nou mezire a, se nan li y ap mezire pou nou tou. Epi, poukisa ou wè pay ki nan je frè w la, epi ou pa remake madriye ki nan je w la. kòman w fè di frè ou: "Kite m retire pay ki nan je w la" alòske, gade: Men yon madriye nan je w? Ipokrit! Se pou w retire madriye ki nan je w la anvan, epi apre, w a wè klè pou w retire pay la nan je frè w la (Matye 7:1-5).*

- **Rekonpanse mal ak byen**

*Nou tande yo te di: "Èy pou èy!" epi: "Dan pou dan!" Men, mwen menm, mwen di nou: Pa reziste ak moun mechan. Okontrè, si yon moun frape ou sou bò figi dwat, vire lòt bò a ba li tou. Si yon moun vle rele w nan tribinal epi li vle pran rad ou, kite chemizèt la pou li tou. Si yon moun egzije w fè yon kilomèt, rale de kilomèt avèk li. Moun ki mande w, ba li. E, pa vire do w bay moun ki vle prete nan men w (Matye 5:38-42).*

- **Fè byen ak moun ki nan bezwen**

*Lamou dwe san ipokrizi. Rayi sa ki mal. Pèsevere nan sa ki byen. Akòz lamou fratènèl, se pou youn renmen lòt. Akòz onè, se pou youn konsidere lòt la anvan tèt li. Pa lage nan devouman nou. Chofe lespri nou. Sèvi Senyè a. Kite espwa ban nou lajwa. Kenbe fèm anba tribilasyon. Pèsevere nan lapriyè. Patisipe nan ede sen ki nan nesosite yo. Veye pou nou byen resewa etranje. Beni moun k ap pèsekite nou. Beni yo, pa modi yo. Patisipe nan lajwa ak moun ki nan lajwa. Kriye ak moun k ap kriye. Se pou nou youn konsidere lòt menm jan. Pa konsidere tèt nou siperyè. Okontrè, asosye tèt nou avèk malere. Pa mete nan tèt nou nou entèlijan! Pa rann pèsonn mal pou mal. Chèche fè sa ki byen devan tout moun. Kanta pou nou menm, depi sa posib, viv nan lapè avèk tout moun. Byenneme, pa tire revanch pou tèt nou. Okontrè, bay kòlè plas pou li aji. Paske, men sa ki ekri: "Se mwen ki pou tire revanch, M ap fè regleman." Se sa Senyè a di. Donk, Si lènmi w grangou, ba li manje. Si li swaf, ba li bwè. Paske, lè ou fè sa, Se chabon dife, w ap rasanble sou tèt li. Pa kite sa ki mal gen laviktwa sou nou. Okontrè, fè sa ki byen pou nou ka gen laviktwa sou sa ki mal (Women 12:9-21).*

*Pa dwe pèsonn anyen, esepite lamou youn pou lòt. Paske, lè yon moun renmen youn lòt, li akonpli lalwa. Vrèmanvre, kit kòmmanman an se "Pa komèt adiltè", "Pa tiye moun", "Pa vòlè", "Pa gen anvi", oubyen nenpòt lòt, se yon sèl pawòl ki alatèt yo tout, se sa a: "Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou." Lamou pa janm fè pwochen li mal. Donk, lamou akonpli lalwa (Women 13:8-10).*

## GRANDI PA DEYÒ: RENMEN MOUN



Renmen se bagay ki pi enpòtan nan lavi kretyen an. Renmen Bondye ak renmen moun, ou pa ka dekolè yo ; Youn mare ak lòt, tankou solèy ak lapli ki enpòtan pou fè yon ti plant grandi. Bondye te montre nou lanmou L nan lavi Pitit Li a, Jezi Kris. Lè nou pèmèt lanmou sa aji epi nou renmen lòt yo, lè sa a, nou renmen jan Bondye mande nou renmen an. Plis nou renmen Bondye se plis lanmou nou pou lòt moun ap grandi tou. Dimansyon anndan ak dimansyon deyò nan lavi espiyrityèl nou travay men nan men ak Lespri Sen an pou nou renmen jan Bondye vle l la, menm lè se ta moun ki pa bay bò pou renmen yo. Si tout moun ap konnen nou se disip Jezi nan fason nou montre lanmou nou pou yo, eske sa patap bèl anpil si moun ta konnen ou se disip Jezi paske ou pran bonjan desizyon pou w renmen yo ?

### I. REFLECHI SOU PAWÒL LAVERITE SA YO

**Ativite pou reflechi** – Pran kèk minit, gade byen tizwazo yo k ap vole nan syèl la. Ou wè yo genyen de zèl ki pèmèt yo vole epi paweze. Okenn zwazo paka vole ak yon sèl grenn zèl ; li mande tou de zèl yo. Menm jan an tou, nou dwe renmen nan de sans, nou pa ka rete pou kont nou si nou vle grandi nan Bondye. Lanmou pou Bondye ak lanmou nou pou lòt yo, se yo ki di nou gen lafwa.



Apòt Pòl te ekri pou l montre kòman lanmou depase tout bagay nan l Korentyen 13. Pran tout tan w pou w li bèl vèsè sa yo epi reflechi sou kòman li detaye lanmou.

*Menmsi mwen ta pale anpil nan lang moun pale sou latè, menm si mwen ta menm rive pale lang anj yo, si mwen pa aji avèk amou nan kè m pou lòt moun, mwen tankou yon gwo klòch k ap sonnen twòp, oswa yon senbal k ap fè gwo bri. Menm si mwen ta gen don pwofesi, menm si mwen ta menm rive konprann tout ti sekre nan plan Bondye, menm si mwen ta gen yon konesans ki pa gen limit, menm si mwen ta gen yon lafwa ki ka deplase montay, si mwen pa aji ak amou nan kè m pou lòt moun, mwen pa vo anyen. Menm si mwen ta fè moun ki nan bezwen kado tout byen m posede, menm si mwen ta ofri pwòp kò m pou yo fè m soufri,[a] epi m ta santi m fyè, si mwen pa aji ak amou nan kè m pou lòt moun, mwen pa fè anyen menm.*

*Lanmou gen pasyans, lanmou aji ak mezerikòd. Lanmou pa jalou, lanmou pa vante tèt li, ni li [lanmou] pa gonfle ak ògèy. Lanmou pa brital, ni li [lanmou] pa egoyis. Lanmou pa fache fasil. Lanmou pa kenbe yon lis bagay mal moun fè l. Lanmou pa janm kontan lè gen enjistis, men li toujou kontan lè verite a parèt aklè. Lanmou aksepte tout bagay ak pasyans. Lanmou pa janm pèdi konfyans, li pa janm pèdi espwa. Lanmou pa janm abandone.*

*Lanmou la pou tout tan. Tout lòt don yo gen pou rive nan bout yo, menm ata don pwofesi, don pou pale diferan lòt lang, ak don konesans espesyal. Y ap disparèt paske konesans nou gen kounye a limite anpil, menm ata pwofesi yo gen limit yo. Men lè jou pèfeksyon va rive, tout sa ki pa pafè gen pou disparèt. Lè m te timoun mwen te pale tankou yon timoun, mwen te panse tankou yon timoun, mwen te rezone tankou yon timoun. Kounye a mwen vin granmoun, mwen sispann aji tankou yon timoun. Kounye a, se yon reflè twoub n ap gade*

yon miwa. Men lè a gen pou rive kote n ap wè Bondye fasafas. Kounye a, mwen sèlman konnen Bondye anpati. Men lè a gen pou rive kote m ap konnen Bondye nèt, menm nivo Bondye konnen mwen.

*Konsa, gen twa bagay ki pèmanan: lafwa, lesperans ak lanmou. Men menm pami twa a se lanmou ki pi gran (1 Korentyen 13, VKF).*

Kounye a, reli ankò pati ki omilye nan pasaj la epi nan plas mo 'lanmou' an, mete pwòp non pa w (Pa egzanzp, Mario gen pasyans...). Ki pati nan lavi w ki depaman ak detay Bondye bay sou lanmou ? Ekri yon bagay ou panse ou dwe fè pou w kapab grandi nan pati sa a konsènan lanmou pou lòt yo.

## 2. PRATIKE VERITE SA YO

Pandan w ap priye, pran tan reflechi konsènan kèk moun ou konnen. Reflechi sou kòman ou kapab montre yo lanmou Bondye. Sèvi ak tablo ki anba a. Ekri non yon moun...

Ou dwe renmen menm jan ou ta swete moun renmen w	
Ou dwe padone	
Ou dwe sispann jije	
ki maltrete w	
Ou ta dwe fè yon bon bagay pou li	

Kounye a, priye pou chak moun sa yo, mande Bondye ede w avèk emosyon w konsènan moun sa yo e konsènan fason pou w montre yo lanmou ou genyen pou yo.

## 3. PRAN ANGAJMAN AK PAWÒL LAVERITE SA YO

Pran yon ti tan ak mentò ou a, diskite avèk li sou fason ou pral viv verite sa yo nan lavi w chak jou. **Ekri angajman ou pran yo nan kare anba a.**



**Avek Mentò ou a, epi lòt disip yo, priye ansanm pou nou mande Bondye dirije chimen w, pou fòtifye epi proteje w, epi ba ou sa ou bezwen pou w viv**